

BAB III METODE PANALUNGTIKAN

Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta metode deskriptif analisis. Ieu métode dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta atawa data-data anu satuluyna dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53). Udagan tina ieu panalungtikan nyaéta saméméh ngalaksanakeun analisis kudu ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis tina fakta-fakta nu aya dina objék panalungtikan.


Métode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis, anu tujuanna pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis struktur jeung ajén moral nu aya dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi pikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di SMP.

3.1 Désain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa gambaran atawa rarancang nu digunakeun dina panalungtikan, sangkan panalungtik bisa ngalaksanakeun panalungtikan luyu jeung tahaapan-tahapanna. Nurutkeun Narbuko jeung Abu A. (2009, kc.57) léngkah panalungtikan nyaéta runtuyan prosés ti mimiti ngarumuskeun masalah nepi ka nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré, désain panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Bagan 3.1

Désain Panalungtikan




3.2 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh eusi carita nu aya dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi. Dina ieu panalungtikan sumber data nu digunakeun pikeun ngeuyeuban ieu panalungtikan diantarana buku sumber, artikel, jurnal, jeung panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu patali jeung ngarojong kana ieu panalungtikan.

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172) sumber data nyaéta subjék data nu ditalungtik. Sumber data nu ditalungtik ngawengku tilu perkara, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumen (*paper*). Ku kituna sumber data nu jadi subjék dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi, terbitan PT. Kiblat Buku Utama, citakan kaopat taun 2017, kandelna 76 kaca.

3.2.1 Identitas Novél

Judul	: <i>Carita Si Dirun</i>
Pangarang	: Samsoedi
Medal	: Citakan ka-1, Balé Pustaka, 1930 Citakan ka-1, Juni 2002 Citakan ka-2, Pébruari 2007 Citakan ka-3, Méi 2009 Citakan ka-4, Agustus 2017
Penerbit	: PT Kiblat Buku Utama
Kandel Buku	: 64 kaca



Gambar 3.1
Jilid novél *Carita Si Dirun*

Novél *Carita Si Dirun* karya Samsoedi nyaritakeun budak lalaki nu bengal, teu nurut ka kolot, jeung sok ngabohong. Di sakolana mindeng gelut, nepi ka sok diseukseukan ku guruna. Duit keur bayaran sakola kalah dipaké ngadu, nepi ka érloji ogé dijual keur masang kartu. Hiji poé Si Dirun susumpit ka sawah, tapi bet kamalinaan jongjon ngungudag manuk, nepi ka poho balik. Indungna néangan, cul seuneu di hawu dur téh imah Si Dirun kahuruan. Tuluy Ambu Dirun maot kaléntab ku seuneu. Ti saprak indungna maot, tuluy bapana ogé kagegeringan nepi

ka maotna. Si Dirun tuluy cicing jeung uwana anu pohara meditna. Si Dirun dititah ngangon munding, bari tara dibéré dahar. Hiji poé Si Dirun kasaréan di saung ranggon, barang lilir geus hujan gedé naker nepi ka walungan Citarum limpas. Si Dirun tuluy nyieun rakit tina tangkal cau, maksudna mah rék nyalametkeun munding, tapi sieun kabawa palid. Basa isukna éling si horéng manéhna geus aya di tengah laut, saterusna lalampahan Si Dirun téh éstuning ahéng tur matak pogot.

3.2.2 Biografi Singget Pangarang

Samsoedi, lahir di Bandung taun 1899, salah sahiji pangarang Indonésia munggaran anu ngahususkeun diri nulis carita-carita barudak. Lain baé ukur boga kaahlian dina ngarang carita, tapi Samsoedi tapis ogé dina ngagambar jeung nyanggi lagu. Karyana anu munggaran, *Carita Nyi Halimah* nu medal taun 1928. Dua taun ti harita, medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Sanggeus kitu ditéma deui ku buku *Jatining Sobat* jeung buku *Babalik Pikir* nu medal taun 1931.

Satamatna ti Sakola Guru taun 1917, Samsoedi langsung dijenengkeun jadi guru bantu di Tangerang, aya kana genep taunna. Waktu keur mancén tugas harita, Samsoedi sok milu babantu di Penjara Kanak-kanak Tangerang. Tuluy taun 1923 Samsoedi dipindahkeun gawé ka Bandung. Tujuh taun ti harita Samsoedi pindah deui ka Jakarta, lantaran pindah gawé jadi rédaktur di Balé Pustaka nepi ka gubragna jaman pendudukan jepang.

Di jaman sanggeus merdéka, Samsoedi ngarang dina basa Indonésia, *Pasundan*, taun 1949. Ari karyana dina basa Sunda mah nyaéta *Pangéran Dipanegara*, nu medal taun 1956. Sanggeus kitu Samsoedi ngampleng lila teu nulis-nulis aya kana likurna taun. Di taun 1979 medal buku *Kisah Syafe'i Sumarni* dina basa Indonésia. Nu saterusna dina taun 80-an medal deui buku *Minah dan Imron* taun 1980, jeung buku *Kisah Mandor Hutan* taun 1983, sedengkeun buku dina basa Sunda na mah nyaéta buku *Si Bohim jeung Tukang Sulap* taun 1980.

Ti taun 1993, ngaran Samsoedi téh diabadikeun jadi ngaran salah sahiji hadiah sastra pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda, nyaéta hadiah Samsoedi.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun nyaéta téhnik talaah pustaka. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah, jeung ngaidéntifikasi bahan bacaan nu aya patalina jeung panalungtikan.

Objék nu aya dina ieu panalungtikan nyaéta buku novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi dibarengan ku data jeung sumber séjén nu dikumpulkeun luyu jeung tujuan nu baris dihontal. Anapon léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) Maca buku-buku nu aya patalina jeung stukturalisme, moral, jeung bahan pangajaran;
- 2) Nangtukeun sumber data, nyaéta novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi;
- 3) Maca sagemblengna novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) téhnik ngolah data téh nyaéta téhnik nu ngagunakeun rumus-rumus jeung aturan anu saluyu jeung panalungtikan atawa désain nu digunakeun. Data nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi, kalawan ngagunakeun téhnik ngolah data analisis struktural, analisis ajén moral, jeung analisis kritéria milih bahan pangajaran maca. Nilik kana éta hal supama data geus kakumpulkeun, tuluy diolah dumasar kana léngkah-léngkah ieu di handap:

- 1) Niténan deui data anu geus kakumpulkeun;
- 2) Nyieun papasingan data;
- 3) Nganalisis stuktural jeung ajén moral dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi;
- 4) Ngadéskripsikeun hasil analisis nu dijadikeun alternatif bahan pangajaran;
- 5) Nganalisis novél dumasar kana kritéria bahan pangajaran;
- 6) Nyieun pedaran tina hasil analisis;
- 7) Nyieun kacindekkan tina hasil analisis;

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc 262) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan leuwih gampang dipigawé jeung hasilna ogé leuwih gampang diolah. Instrumén dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data, pikeun nganalisis unsur intrinsik (struktural) jeung ajén moral dina novél *Carita Si Dirun* karya Samsodi, nu satuluyna dijadikeun bahan ajar maca novél di SMP.

Kartu data dina ieu panalungtikan téh gunana pikeun ngolah data struktur carita jeung ajén moral, nu satuluyna hasil analisis téh dipatalikeun jeung bahan pangajaran maca novél di SMP dumasar kana kritéria dina milih bahan ajar. Di handap ieu digambarkeun tabél ngumpulkeun data jeung kartu data anu digunakeun ku panalungtik dina ngolah data hasil panalungtikan saperti kieu:

Tabél 3.2
Instrumén Analisis Struktural

No	Unsur-unsur pangwangun karya sastra	Cutatan carita
1	Téma	
2	Galur	
3	Latar	
4	Tokoh jeung Penokohan	
5	Gaya basa	

Analisis Struktural	
Conto	: Téma
Kode Data	:
Analisi	:

Bagan 3.2 Conto Kartu Data Analisis Struktural

Analisis Ajén Moral	
Conto	: Moral disawang tina kamekaran perseptual

Kode Data	:
Analisis	:

Bagan 3.3 Conto Kartu Data Analisis Ajén Moral

Salian ti instrumént panalungtikan kartu data pikeun ngolah ieu data, aya ogé instrumént séjénna nu ngarojong kana ieu panalungtikan, nyaéta instrumént céklis anu digunakeun pikeun ngalarapkeun hasil analisis nalika dipatalikeun jeung bahan ajar, saperti ieu:

Tabél 3.3
Instrumén Tabél Céklis Analisis Bahan Ajar

No	Kritéria Milih Bahan Ajar	Novél <i>Carita Si Dirun</i> karya Samsodi		Keterangan
		Luyu	Teu Luyu	
1	Eusi bahan pangajaran luyu jeung tujuan nu hayang dihontal			
2	Dianggap mibanda ajén pikeun kahirupan manusa			
3	Dianggap mibanda ajén minangka warisan ti entragan saméméhna			
4	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan			
5	Luyu jeung kabutuh katut minat murid			